
ETE
2022
NEW YORK
STATE OF
OPPORTUNITY.
Battery Park
City Authority

JEDI **05** ME

ENSTRIMAN A KÒD SOU HUDSON: FRÈ VILLALOBOS YO

6:30PM, BELVEDERE PLAZA

Pou selebre Cinco de Mayo, BPCA ap prezante **Frè Villalobos yo**. Youn nan òkès meksiken kontanporen ki pi popilè yo, konpozisyon ak aranjman orijinal yo fonn ak selebre yon fason remakab richès mizik fòlklorik meksiken an avèk amoni konplike djaz ak mizik klasik.



LENDI **02** ME

TI KOZE OTÈ: JÈNFI KONPETAN

6PM, TEARDROP PARK

Nan tèt ansanm avèk Atelye Ekriven Azyo-Ameriken an (Asian American Writers' Workshop), BPCA ap prezante yon lekti ak konvèsasyon avèk otè **Gina Apostol** *(Bibliolepsy)* ak **Melissa Chadburn** (*A Tiny Upward Shove*) ki jwenn aklamasyon nan men kritik yo. Toude otè yo pral li nan èv yo, epi diskite sou tèm fo kwayans, fòklò, ak feminite. Tanpri reponn envitasyon an nan: aaww.org/events

MADI **03** ME

VIZIT APYE SOU DIRABILITE

10AM, 75 BATTERY PLACE

Pou selebre Semèn Vil Sikilè New York la (Circular City Week), vin jwenn BPCA nan tèt ansanm ak ekip sètifikasyon zewo dechè TRUE a pou yon vizit apye sou dirabilite k ap ofri yon rega pwofon sou efò pou gen zewo dechè yo nan Battery Park City. Rete la apre vizit la pou jwenn eksperyans pratik nan verifikasyon dechè. Ou dwe enskri nan: www.eventbrite.com

VANDREDI **06** ME

VIRE SOU LANATI: LÈZA NAN KOTE PIBLIK

6PM, SOUTH COVE

Atis **Mary Miss** ak **Shuli Sadé** ap diskite sou *South Cove* ak relasyon li ak lanati. *South Cove* se te yon konsepsyon Mary Miss, Stanton Eckstut, ak Susan Child kòm yon èv da ki te yon espas piblik tou. Avèk *Bird's Eye View* Shuli Sadé a, South Cove vin yon sit pou lèza epi an menm tan yon èv da li menm tou. Toude atis yo pral diskite tou sou kijan yo abòde pwoblèm anviwònman yo nan travay yo.

SAMDI **07** ME

JOUNEN MWEN RENMEN PAK MWEN AN

11AM–12PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

N ap Fè Apèl a Tout Sitwayen Syantis yo! Telechaje aplikasyon gratis iNaturalist la pou jwenn enfòmasyon sou gran divèsite vi sovaj ki nan Battery Park City an. Chak obsèvasyon ap kontribye nan dokimantasyon biyodivèsite a nan BPC. Pase bò tab enfòmasyon an pou jwenn plis detay!

MÈKREDI **11** ME

TI KOZE ATIS: ELISE ENGLER

6PM, 6 RIVER TERRACE

Liv **Elise Engler** a, *A Diary of the Plague Year: An Illustrated Chronicle of 2020* (Yon Jounal Ane Lapès la: Yon Kwonik 2020 Ilistre) se yon ane pwojè desen/penti kotidyen ki te kòmanse nan finisman 2015 pou fini nan inogirasyon Prezidan Biden an janvye 2021. Imaj imedya dinamik Engler yo, ki fèt chak maten apati de premye gran tit li tande yo nan radyo ki bò kabann li an, reprann jan sa te ye lè yon moun tap viv an 2020-yo pote teksti, santiman, e menm cham nan sa nou gen dwa pa sonje e sa nou p ap janm bliye.



JEDI **12** ME

ATELYE OPERA GIULIETTA ROMEO A

6:30PM, 6 RIVER TERRACE

Pou prepare pou *Giulietta e Romeo* nan mwa jen an, yo envite ou vin remete konesans sou opera ou sou ou nan yon atelye enteresan ak plen dyalòg **Teatro Grattacielo** ap òganize. Abitye tèt ou avèk aspè dramatik ak mizikal espektak ki pral fèt la sa gen ladan istwa orijinal la, estil mizik la, mizansèn nan ak pèsonaj yo.

VANDREDI **13** ME

FIM SOU KONT: KIKUJIRO

7PM, 6 RIVER TERRACE

Pou selebre Mwa Patrimwàn Azyo-Ameriken ak Zil Pasifik la, BPCA ap prezante *Kikujiro* (1999, Takeshi Kitano) ki baze sou *Majisyen Oz la*, yon jèn ti gason inosan pati poukont li pou jwenn manman manfouben li an. Talè konsa li jwenn yon pwotektè li pa ta panse ki se yon mesye akaryat e yo toude jwenn yon seri avanti yo pa t atann sou chimen yo. Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen diskisyon apre pwojeksyon yo. Klasman fim sa a se PG13.

SAMDI **14** ME

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM:

TERAS VÈT NAN SYÈL LA!

10:30AM, 39 BATTERY PLACE

Prentan rive, e nou wè vèt! Pou selebre, timoun yo pral aprann sou listwa ak kreyasyon jaden gratsyèl yo. Achitèk yo ap ajoute twati ak teras ki gen jaden sou yo nan bilding New York yo depi yon syèk! Avèk enspirasyon yo tire nan jaden gratsyèl "vèt" yo, jèn achitèk yo pral dekore kreyasyon yo avèk flè ak plant.
Y ap akeyi tout nivo konpetans. Ou dwe reponn envitasyon an nan: skyscraper.org

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

SAMDI **21** ME

AL PECHE!
BATTERY PARK CITY AP SELEBRE LAVI NAN ESTYÈ HUDSON NAN

10AM–1PM, WAGNER PARK

Vin jwenn pechè alaliy eksperimante yo pou peche ak relage pwason epi aprann sou lavi nan Rivyè Hudson nan. Ede obsève ak idantifye pwason nou trape yo, sa k ap pèmèt nou bay gwoup rechèch k ap kontwole sante dlo lokal nou yo done enpòtan. Pandan jounen an ap gen yon pwojè atistik ak yon pwonmnad apye nan lanati tou. Plis: pa rate reprezantasyon devan piblik yon emisyon entènèt plen siksè *Sing with Suzi* k ap mete an vedèt **Suzi Shelton** ak envite espesyal **The Culture Queen**.

10AM–1PM: LAPÈCH TRAPE-LAGE
10:45AM: PWOJÈ ATISTIK
11AM: ESPEKTAK POU FANMI
12:15PM: PWONMNAD APYE NAN LANATI

SAMDI **21** ME

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM

MAYA LIN: ACHITÈK LIMYÈ AK LIY

10:30AM, 39 BATTERY PLACE

Achitèk ak eskiltè ameriken Maya Lin te vin selèb lè èv anonim li an te genyen konpetisyon pou kreye Momiman Komemoratif pou Ansyen Konbatan Vyetnam yo (Vietnam Veterans Memorial) nan Washington D.C. Pou kontinye Seri Jèn Achitèk la, jwenn plis enfòmasyon sou Maya nan yon lekti avivwa *Maya Lin: Artist-Architect of Light and Lines (Maya Lin: Atis-Achitèk Limyè ak Liy)* ki gen kòm otè Jeanne Walker Harvey. Apre sa kreye pwòp kolaj pa ou, k ap imajine jaden ou ta renmen kreye yo yon jou. POU LAJ OMWEN 7 ANE. Ou dwe reponn envitasyon an nan: skyscraper.org

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.



MÈKREDI **25** ME AK JEDI **26** ME

MIZIK AUSCHWITZ: YON SERI KONSÈ

7PM, MIZE PATRIMWÀN JWIF LA, 36 BATTERY PLACE (sou entènèt tou)

Vin jwenn **Lekòl Mizik, Teyat, ak Dans University of Michigan nan** pou *Mizik nan Auschwitz*. L ap mete an vedèt mòso ki se aranjman prizònye politik polonè yo ki te manm òkès gason an nan kan Auschwitz I an. Avèk kòm chèf dòkès **Oriol Sans**, yon òkès University of Michigan pral jwe mòso ki koupe avèk pawòl chantè yo ap di, sòti nan temwayaj òkès gason Auschwitz I an apre gè a. Ou dwe enskri nan: https://mjhnyc.org/current-events/

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la – Yon Moniman Komemoratif Vivan Olokòs la nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.



JEDI **26** ME

ENTÈMÈD: BALLET HISPÁNICO

6:30PM, BELVEDERE PLAZA

Se lè pou danse! Vin jwenn nou pou yon atelye dans sosyal latin avèk **Ballet Hispánico,** youn nan pi gwo òganizasyon dans latin nan nasyon an. Seyans dans pou tout laj sa a gen ladan salsa, merengue, Afwo-kiben, ak lòt fòm dans latin k ap fè ou leve pou souke kò ou!



Riccardo Zandonai

GIULIETTA & ROMEO

SAMDI **04** JEN AK DIMANCH **05** JEN

GUILETTA E ROMEO

9PM, WAGNER PARK

Nan tèt ansanm ak **Teatro Grattacielo**, yon bijou ra nan listwa opera a ap vini nan Battery Park City atan pou 100yèm anivèsè li an. ***Giulietta e Romeo***, yon konpozisyon **Riccardo Zandonai**, pral prezante an twa ak lanmou, pasyon, ak trajedi. Konpayi an koni pou jan li eksplore opera yon fason ki oryante sou lavni, pwogresif, ak baze sou miltimedya – sa ki yon plezi pou sans yo!



FESTIVAL OF NEW YORK

Teatro Grattacielo

MÈKREDI **01** JEN AK JEDI, **02** JEN

J O B : YON GASON SENP

7PM, MIZE PATRIMWÀN JWIF LA, 36 BATTERY PLACE (sou entènèt tou)

Nan yon pyès teyat cho ak mizikal, *J O B: A Simple Man* ap rakomte istwa vwayaj emigran yo sòti nan ansyen mond lan—yon ti vilaj nan Larisi—pou vin nan nouvo mond lan nan New York. Avèk an vedèt aktris dànwaz **Ina-Miriam Rosenbaum** ki te ranpòte pri, sou direksyon **Rolf Heim**, epi avèk jwè obwa Henrik Goldschmidt ak maton akòdeyon **Anders Singh Vesterdahl**. Ou dwe enskri nan: mjhnyc.org/current-events/

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la – Yon Moniman Komemoratif Vivan Olokòs la nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

SAMDI **04** JEN

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM: ACHITEKTI PYEBWA YO

10:30AM, 39 BATTERY PLACE (yon pwogram deyò)

Achitèk yo kapab pase plizyè ane ap kreye bilding yo, men pyebwa yo ap pèfeksyone pwòp achitekti pa yo an reyaksyon a anviwònman yo depi dikdantan. Nan yon vizit apye nan Wagner Park, aprann kijan twon ak branch yo sipòte fèy yo oswa zegui yo epi kijan rasin yo kreye fondasyom solid. Rekòmande pou klas 2yèm-5yèm ane.

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

MÈKREDI **08** JEN

EVÈNMAN BPC AN POU KOLEKTE SAN

12-6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede replen rezèv k ap bese yo nan zòn twa eta yo. Pwosesis la annantye pran mwens pase inèdtan e yon sèl don kapab sove plizyè lavi!
Enskri jodi a nan: nybloodcenter.org

SÈTEN JEDI AK VANDREDI

VIZIT APYE SKYSCRAPER MUSEUM

Skyscraper Museum ap lanse seri dete vizit apye an pèsonn li yo ki konsantre sou diferan katye nan 37 ekta Battery Park City yo. Tout vizit yo mete aksan sou pak yo tou, ansyen ak nouvo, epi yo konsidere plan k ap evolye yo pou fè fas a defi chanjman klimatik la ak rezistans la bò dlo a. Ou dwe enskri nan: skyscraper.org

09 JEN AK **24** JEN

KATYE SID LA 4PM, THE SKYSCRAPER MUSEUM, 39 BATTERY PLACE

Eksplore Katye Sid Mize a nan Battery Park City.

07 JIYÈ AK **15** JIYÈ

NWAYO KOMÈSYAL LA 4PM, JADEN DIVÈ A NAN BROOKFIELD PLACE

Vizite sant komèsyal nan gratsyèl ansyen World Financial Center a, ki kounye a se Brookfield Place.

28 JIYÈ AK **12** OUT

KATYE NÒ A 4PM, JADEN DIVÈ A NAN BROOKFIELD PLACE

Vizite Katye Nò a nan Battery Park City, ki te bati pou pifò apre 2001, nan respè "direktiv ekolojik" obligatwa yo

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

VANDREDI **10** JEN

FIM SOU KONT: SON OF THE WHITE MARE

7PM, 6 RIVER TERRACE

Baze sou yon kont ongaryen, *Son of the White Mare (Pitit Jiman Blan an)* (Marcell Jankovics,1981) se yon vwayaj an toubiyon, plen koulè pou sove linivè. Poutèt li raple palèt alisinojèn lan nan "Yellow Submarine" ak rakontay vizyèl rich la nan "Fantasia", kritik yo jije li se youn nan pi gran fim animasyon plen ilizyon ki janm fèt. Y ap sèvi pòpkòn gratis, epi ap gen diskisyon apre pwojeksyon yo. Klasman fim sa a se PG13.

FESTIVAL RIVYÈ APRE RIVYÈ

AVÈK KONSÈY KILTIRÈL ANBA MANHATTAN NAN

Konsèy Kiltirèl Anba Manhattan nan (Lower Manhattan Cultural Council, LMCC) ap prezante espektak ansanm avèk Battery Park City Authority pou selebre 21yèm edisyon festival Rivyè Apre Rivyè a (River To River Festival). Chak ane, festival la pote aktivite atistik deyò ki fèt espesyalman pou yon sèten kote nan zòn ki antoure Battery Park City yo, li angaje atis New York ki jwenn aklamasyon ak kominote lokal la gras a demaraj dinamik, espektak, ak chans patisipasyon nan tout disiplin ak pratik.

Pou plis enfòmasyon ale sou: LMCC.net/R2R

DIMANCH **12** JEN – DIMANCH **26** JEN

ENSTALASYON DA VIZYÈL: MUNA MALIK

BELVEDERE PLAZA

Atis ak eksploratè **Muna Malik** ap retounen pou prezante yon nouvo enstalasyon atistik ki fèt espesyalman pou yon sèten kote nan Battery Park City. Èv da a ankouraje vizitè yo pou yo patisipe ak dekouvri.



DIMANCH **12** JEN

GREGORY CORBINO

3PM, TEARDROP PARK

Atis entèdisiplinè **Gregory Corbino** ap kontinye tradisyon espektak, sik, kawousèl ak kèmès k ap vwayaje yo avèk maryonèt ki fèt ak materyo resikle pou kreye reprezantasyon plen kè kontan. Ansyen etidyan Bread and Puppet Theater sa a fè piblik tout laj patisipe nan tèm chanjman sosyal ak lòt sijè aktyèl.



SAMDI **25** JEN

CRAIG HARRIS

4PM, ROCKEFELLER PARK

Jwè twonbòn/konpozitè Craig Harris jwe tout kalite enpwovizasyon rich, e li kreye konpozisyon ki varye menm jan ak sous enspirasyon li yo nan mizik relijye, djaz, avangad, R & B ak hip-hop. Pami konpayon li yo atravè ane yo te gen Lester Bowie, Sun Ra, Cecil Taylor, David Murray, The Roots ak anpil lòt gwo non. L ap akonpaye ak yon òkès k ap leve nan selebre kreyativite.

Yon prezantasyon Konsèy Kiltirèl Anba Manhattan nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.



JEDI **16** JEN

FÈT DISKO AN SILANS POU SELEBRE FYÈTE

7–10PM, WAGNER PARK

Selebre Mwa Fyète a avèk yon fèt pou danse disko an silans avèk **Gotham Cheer** ak DJ aloseksyèl **QuietEvents** yo. Kouche solèy ki koupe souf ak Estati Libète a pral sèvi kòm fon pandan n ap danse sou bit ki pi cho yo k ap sòti nan ekoutè klere. Ekoutè yo gratis; ou dwe bay depo.

SAMDI **18** JEN

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM: YOGA GRATSYÈL POU JUNETEENTH

10:30AM, 39 BATTERY PLACE

Pare pou souke kò ou epi pran plezi ou pandan n ap dekouvri kijan kò nou kapab ede nou konprann gratsyèl! Aprann sou Juneteenth ak kijan kilti afwo-ameriken an touche peyi sa a, eksplore poukisa atansyon enpòtan, konekte ak fondasyon ou, epi detire rive nan wotè ou potko janm rive nan yon seyans yoga 30 minit! Kreye yon pòz yoga ki gen kòm enspirasyon gratsyèl ou pi pito yo nan ekspozisyon mize a. Pou laj omwen 6 ane. Ou dwe reponn envitasyon an nan: skyscraper.org

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

SAMDI **18** JEN

SELEBRASYON JUNETEENTH

2–5PM, BELVEDERE PLAZA

Selebre Juneteenth avèk mizik ak lèza! Juneteenth, ki rele tou Jou Emansipasyon, jwenn orijin li an 1865 nan Galveston, Texas, e li komemore finisman esklavaj nan Etazini. Monte chwal epi aprann sou talan kavalye ak listwa avèk **Federasyon Kòbòy Nwa a (Federation of Black Cowboys)**. Fè yon drapo Juneteenth ou kapab pote lakay ou.

DIMANCH **19** JEN

GOOD TROUBLE: YON KONSÈ OMAJ POU JUNETEENTH

3PM, MIZE PATRIMWÀN JWIF LA, 36 BATTERY PLACE (sou entènèt tou)

Vin jwenn Mize Patrimwàn Jwif la ak **Òkès Chanm Knickerbocker** a pou yon konsè espesyal sou Juneteenth, fèt ki komemore emansipasyon esklav yo nan Etazini. Yon prezantasyon mizik ki selebre eksperyans moun nwa yo, avèk pou premye fwa nan lemond *Good Trouble* Direktè Mizik KCO a Gary S. Fagin, ki jwenn enspirasyon nan manm Kongrè ak senbòl dwa sivil John Lewis. Ou dwe enskri nan: mjhnyc.org/current-events/

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la – Yon Moniman Komemoratif Vivan Olokòs la nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.



VANDREDI **24** JEN

FESTIVAL MITAN ETE SYEDWA

5–8PM, WAGNER PARK

Jwi selebrasyon san parèy sa a nan sòlstis ete a. Vin patisipe nan dans chofe bò poto Mitan Ete a avèk **Barnklubben Elsa Rix**. Fè kouwòn avèk bèl flè ki reprezante sa ki fleri yo pandan sòlstis la nan peyi Lasyèd. Jwi parad, jwèt pou timoun, ak lòja syedwa. Mizik tradisyonèl **Paul Dahlin** ak jwè vyolon ki sòti nan **American Swedish Institute** nan Minneapolis. Dans avèk **Ross Sutter,** yon dansè fòlklò eskandinav.

Yon prezantasyon Konsila Jeneral Lasyèd, New York ak Battery Park City Authority.

CONSULATE GENERAL OF SWEDEN





LENDI **27** JEN

FÈT JOUNEN ESPÒTIF KOMINOTÈ BPCA A

12–2PM, ROCKEFELLER PARK

Lekòl fèmen pou ete a! Pote manje midi nan piknik epi demare sezon ete a nan Rockefeller Park. Vin jwenn nou pou jwèt enteresan ak mizik. Jwe pou genyen pri nan men **Youth Athletes United** epi patisipe nan match tire kòd ànyèl Battery Park City an!

12–1PM: PIKNIK NAN ROCKEFELLER PARK
1–2PM: JWÈT







RIVYÈ AK BLUES

VIV YON EKSPERYANS MIZIK KI JWENN ENSPIRASYON NAN BLUES KLAS MONDYAL PANDAN SOLÈY LA AP KOUCHE SOU PÒ NEW YORK LA

JEDI **07** JIYÈ

NICOLE ATKINS

6PM, WAGNER PARK

Chantèz ak pawolye maton New Jersey-via-Nashville la **Nicole Atkins**, mele wòk, soul, ak wòk sikedelik nan pwòp son kontanporen san parèy li an. Pawòl chante total kristal li yo ak vwa delika li an ap briye sou dènye albòm li an, *Memphis Ice*.

6PM: SUSAN Z. ANTHONY (DJ SET)
7PM: NICOLE ATKINS



JEDI **14** JIYÈ

ELJURI AK CHA WA

6PM, WAGNER PARK

Youn nan jwè gita latina yo vante kòm pi bon nan lemond, **Eljuri** se yon atis ki fizyone jan yo pou mele son ak ritm ki sòti nan eksperyans li fè nan lavi an nan pawòl li yo ak nan jan li jwe gita a.

Yo te dekri mizik kontajye an ak sèn espektak enpresyonan **Cha Wa** a ki te jwenn nominasyon pou GRAMMY™ kòm "funk ak plim" – yon son ki pran rasin nan mizik endyen madigra Nouvèl Òleyan an mele avèk funk ak soul, yon "groove machine" ki pa janm rete.

6PM: SUSAN Z. ANTHONY (DJ SET)
6:30PM: ELJURI
7:30PM: CHA WA





JEDI **21** JIYÈ

LADY WRAY

6PM, WAGNER PARK

Atis **Nicole Wray** ki te fèt nan Virginia ap bay cho gam abil chante ak pawòl li yo, ki mele yon ti soul R&B, ak hip-hop ak istwa enteresan k ap fè sekwe tèt e ki gen pouvwa geri.

6PM: SUSAN Z. ANTHONY (DJ SET)
7PM: LADY WRAY



JEDI **28** JIYÈ

CEDRIC BURNSIDE AK MAGGIE ROSE

6PM, WAGNER PARK

Apre plizyè ane ap pèfeksyone tèt li epi ap fè non li kòm yon vokalis ki se yon fòs lanati, chantèz/pawolye **Maggie Rose** ki rete Nashville envante pwòp chòk dechennen li ant rock-and-roll, soul, folk, funk, ak R&B.

Cedric Burnside te fèt nan yon fanmi renome ki gen ladan lejann ki sòti Hill Country nan Nò Mississippi. Sansibilite sa yo reflete nan èv li an e li montre yo yon fason fen nan albòm li an ki genyen yon GRAMMY™ an 2022, *I Be Trying*. Pa rate mizik kontajye Hill Country an ki pare pou pote yon moman presan modèn.

6PM: SUSAN Z. ANTHONY (DJ SET)
6:30PM: MAGGIE ROSE
7:30PM: CEDRIC BURNSIDE





SAMDI **09** JIYÈ

PWOGRAM POU FANMI NAN THE SKYSCRAPER MUSEUM

ESTRIKTI RANFÒSE: SIYIFIKASYON DONM YO

10:30AM, 39 BATTERY PLACE

Èske ou janm mande tèt ou kijan yo bati yon donm? Aprann ak kisa donm Kapitòl la fèt, ak kilè ak kijan yo te bati li. Apre sa, travay ansanm pou bati donm avèk jounal, tep, ak travay ekip! Pou laj omwen 6 ane. Ou dwe reponn envitasyon an

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.

LENDI-VANDREDI, **11 JIYÈ - 29** JIYÈ

AVANTI NAN LANMÈ POU ADOLESAN

POU LAJ 11–16 AN

9AM–1PM, 200 RECTOR PLACE
$400 POU 3 SEMÈN, $150/SEMÈN.
OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS.

Vin jwenn yon gwoup adolesan ak kè kontan k ap chèche eksplore anviwònman lanmè Pò New York la. Pratike pèch ak kàn epi viv eksitasyon lapèch pran-lage. Vizite òganizasyon maritim nan Vil New York ak aprann sou pwoteksyon anviwònman ak efò prezèvasyon k ap fèt yo nan vil ou a! Kòm gwoup, n ap aprann konn youn lòt, fè travay atistik, epi rasanble done k ap kontribye nan konpreyansyon nou sou sante dlo lokal nou yo!
Resous yo ladan, gen bous disponib.
Enskripsyon obligatwa, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov

SAMDI **16** JIYÈ

ATELYE POU FANMI NAN SAMDI: JOUNEN VIL DLO A

11AM, ROCKEFELLER PARK

Jounen Vil Dlo a (City of Water Day) se yon jounen gratis nan tout pò a Waterfront Alliance ak asosye li yo òganize pou fè moun vini bò, sou, ak nan dlo a. Vin jwenn nou nan kad ideyal sa a bò Hudson nan pou selebre pwoteksyon anviwònman, jwenn enfòmasyon sou sa epi patisipe nan yon pwonmnad apye nan lanati ki pral abouti a yon pwojè atistik an kolaborasyon.

SAMDI **23** JIYÈ

BAL KOMINOTÈ: CUMBIA

6:30PM, ESPLANADE PLAZA

Viv enèji ak vivasite òkès mizikal afwo-kolonbyen **Rebolu!** Aprann pa tradisyonèl yo nan cumbia, puya, mapale, ak bellerengue avèk yon atelye mouvman ak enstriktè. Apre sa ale sou pis dans la pandan yon espektak devan piblik.



SAMDI **06** OUT

BAL KOMINOTÈ: FÈT DANSE POU TOUT VIL LA

6:30PM, ESPLANADE PLAZA

Pandan menm jounen an, nan kote asosye nan toulè senk awondisman yo, plizyè milye moun New York pral danse nan yon moman kè kontan ak selebrasyon an mas. Dansè **Dash Perry** ak twoup li an pral montre nou kèk nan mouvman karakteristik yo, akonpaye ak **DJ Susan Z Anthony**. Vin nan bèl fèt danse deyò BPC an – e an nou tout danse ansanm!



MÈKREDI **10** OUT

EVÈNMAN DETE POU KOLEKTE SAN

12-6PM, 6 RIVER TERRACE

Ede replen rezèv k ap bese yo nan zòn twa eta yo. Pwosesis la annantye pran mwens pase inèdtan e yon sèl don kapab sove plizyè lavi! Enskri jodi a nan: nybloodcenter.org

JEDI **11** OUT

ENTÈMÈD: LADAMA

6:30PM, BELVEDERE PLAZA

LADAMA gen yon son ki sòti nan plizyè kontinan, ki nan plizyè lang e ki konbine enstrimantasyon tradisyonèl ak non-tradisyonèl. Gwoup kat fanm dinamik sa a pote yon nouvo pèspektiv sou ritm panameriken yo ki kreye yon melanj san parèy son kaptivan, sa ki mete yo kòm zetwal k ap monte sou sèn mizikal altènativ latin nan.



SAMDI **13** OUT - VANDREDI **19** OUT

41YÈM FESTIVAL DANS BATTERY AN

7PM, ROCKEFELLER PARK

Festival Dans Battery an, festival dans piblik gratis k ap fèt depi pi lontan an nan Vil New York, ap retounen ete sa a avèk espektak devan piblik nan Rockefeller Park. Festival la ap gen ladan konpayi entènasyonal ki sòti nan Sengapou, Kanada, Peyiba, Liksanbou, Nòvèj, Espay, Lend, ak Tayiti, epitou kèk nan sa ki pi bon Vil New York gen pou ofri.
Si ou pa ka vini nan Festival la an pèsonn, branche sou difizyon an dirèk gratis la pou espektatè toupatou nan lemond. Selebre lajwa danse ete sa a nan Battery Park City!

Yon prezantasyon Battery Dance nan tèt ansanm ak Battery Park City Authority.



CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

ECHÈK AK BAKGAMON RAPID

12:30–1:30PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Yon pwogram nan lè manje midi pou pasan yo jwe yon pati rapid echèk oswa bakgamon. Avèk kwonomèt, advèsè yo ap jwe match 5 minit ki rapid, anraje ak enteresan. Ap gen yon enstriktè prezan pou bay konsèy ak poul pou amelyore jwèt ou.

CHAK MÈKREDI
04 ME - **28** SEPT

YOGA PANDAN SOLÈY AP KOUCHE

6–7PM, ROCKEFELLER PARK SOUTH LAWN

Namaste! Rilaks apre jounen an avèk yoga deyò. Plonje tèt ou nan pratik meditasyon sa a nan anbyans pezib bò Hudson nan. Ranfòse kò ou epi kiltive konsyans ou nan yon anviwònman rilaks pandan enstriktè w lan ap gide ou nan aliyman ak pòz yo. Y ap akeyi tout nivo. N ankouraje ou vin ak pwòp tapi pa ou, paske akseswa y ap bay yo se ap premye rive, premye sèvi.

CHAK VANDREDI
06 ME - **24** JEN

WONN CHANTE PANDAN SOLÈY AP KOUCHE

7–8:30PM, WAGNER PARK

Chantèz/pawolye **Terre Roche** ap mennen pwogram chante sa a k ap fèt chak semèn avèk kòm bèl fon solèy la k ap kouche nan Pò NY la. Ke ou se debitan ke w abitye chante, wonn chante a pafè pou melodi dous ak amoni ki bon pou ou. Pwogram nan p ap fèt 27 me.

CHAK VANDREDI
08 JIYÈ - **12** OUT

MIZIK PANDAN SOLÈY AP KOUCHE SOU HUDSON NAN

6:30–8PM, WAGNER PARK

Ritm ak mizik pral plen lè a nan pwogram vandredi swa sa a. Suiv batè tanbou pwofesyonèl yo antan y ap gide ou avèk ritm teknik batman tanbou tradisyonèl afriken yo. Y ap ba ou tanbou, e ou te mèt danse!



CHAK LENDI
02 ME - **31** OKT

MEDITASYON NAN MATEN

9:30–10:AM, LILY POND

Kòmanse jounen ou pa ekilibre lespri ou ak kò ou pandan yon enstriktè ap gide ou nan meditasyon. Pratik renome sa a bese tansyon, redui estrès, e ranfòse sistèm iminitè a.
Pwogram nan p ap fèt 30 me, 20 jen, 4 jiyè, 5 septanm, 10 oktòb.

CHAK LENDI
02 ME - **31** OKT

EGZÈSIS AN GWOUP POU GRANMOUN AJE

10:30–11:30AM, IRISH HUNGER MEMORIAL PLAZA

Ranfòse kò ou avèk yon enstriktè k ap gide ou nan mouvman ritmik ak ayewobik, egzèsis ekilib ak kowòdonasyon, epitou nan antrènman miskilè. Vin nan seyans enteresan ak enèjik sa a pou yon bèl egzèsis!
Pwogram nan p ap fèt 30 me, 20 jen, 4 jiyè, 5 septanm, 10 oktòb.

CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

ZUMBA POU GRANMOUN

10:30–11:30AM, IRISH HUNGER MEMORIAL PLAZA

Egzèsis degize! Vin pran plezi ou avèk koregrafi dans latin fasil pou suiv epi an menm tan travay sou ekilib ou, kowòdonasyon ou ak anplè mouvman ou. Mennen zanmi ou epi vin tou pare pou yon kou chofe, yon ti antrènman miskilè ak anpil plezi.

CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

SANT DAKÈY POU GRANMOUN AJE YO

2:30–4PM, 200 RECTOR STREET

Pase nan Sal Kominotè a epi vin jwenn granmoun aje yo nan zòn BPC a pou konvèsasyon, nouvèl lokal, ak jwèt kat ak jwèt sosyete enfòmèl. Fè nouvo zanmi epi repran kontak ak vwazen ou yo.
Pou plis enfòmasyon voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov

CHAK MÈKREDI
04 ME - **26** OKT

FÒM AL FRESCO

10AM–12PM, RECTOR PARK EAST

Pak BPC sa a ofri yon kad san parèy pou obsève ak desine fòm moun. Chak semèn yon modèl ap poze pandan yon ti moman oswa pi lontan pou patisipan yo fè desen li. Ap gen yon atis/edikatè k ap ofri sijesyon ak kritik konstriktif. Y ap bay materyo pou desine, e y ankouraje atis yo pote sipò yo pi pito a.

CHAK MÈKREDI
04 ME - **26** OKT

DESEN ELEMAN LANATI

2–4PM, WAGNER PARK (**04** ME – **29** JEN)

ROCKEFELLER PARK HOUSE (**06** JUL – **26** OKT)

Vin jwenn kominote atis tout nivo nou an antan n ap pran enspirasyon nan lantouraj nou pou kreye avèk materyo desen, pastèl ak akwarèl. Ankouraje travay atistik ou nan mitan palèt plen flè k ap evolye avèk sezon yo nan jaden vèt BPC yo. Ap gen yon atis/edikatè k ap bay ide ak enstriksyon. N ap bay materyo yo, e n ankouraje atis yo pote sipò yo pi pito yo.

CHAK JEDI
07 JIYÈ - **28** JIYÈ

APRANN JWE TENIS LEJE

10:30–11:30AM, ESPLANDE PLAZA

PWOGRAM NAN GRATIS: OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS.

Yon fizyon enteresan badminton ak tenis, tenis leje a ranfòse mis, bay sante kadyovaskilè a bourad, epi amleyore fonksyònman sèvo a. BPCA fyè travay avèk **NYC Pickleball** pou ofri leson tenis leje gratis pou debitan. Y ap ba ou tout ekipman yo. Enskripsyon obligatwa, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov

CHAK VANDREDI
06 ME - **28** OKT

TAI CHI

8:30–9:30AM, ESPLANADE PLAZA

Amelyore ekilib, fòs, ak konsantrasyon ou gras a egzèsis leje. Sèn ak son rivyè a ofri yon fon pezib pou ansyen pòz kouran yo. Yon chwa ideyal pou patisipan tout laj. Pwogram nan p ap fèt 27 me, 1ye jiyè, 2 septanm, 7 oktòb.

CHAK SAMDI
07 ME - **29** OKT

DESEN NAN PAK LA

10AM–12PM, SOUTH COVE

Pentire avèk akwarèl oswa pastèl ak lòt materyo desen pou sezi panorama majik yo sou Rivyè Hudson nan ak peyizaj san parèy South Cove la. Ap gen yon atis/edikatè k ap ede patisipan tout nivo avèk enstriksyon ak kritik. N ap bay materyo yo, e n ankouraje atis yo pote sipò yo pi pito yo. Pwogram nan p ap fèt 28 me, 18 jen, 2 jiyè, 3 septanm, 8 oktòb.





CHAK LENDI
02 ME - **24** OKT

BASKÈTBÒL POU TIMOUN
POU LAJ 3-5 AN: 3–3:30PM
POU LAJ 6-10 AN: 3:45-4:30PM

ROCKEFELLER PARK

Devlope kowòdonasyon ak ekilib ou, pratike drible, mete balon nan pànye pandan w ap sote, epi jwe! Pratike fonnman baskètbòl yo gras a match enteresan k ap fè ou fè efò sou pànye ki gen wotè ajistab avèk egzèsis pou tout nivo. Ou dwe mete soulye fèmen. Pwogram nan p ap fèt 30 me, 20 jen, 4 jiyè, 5 septanm, 10 oktòb.

CHAK LENDI
02 ME - **13** JEN

KLÈB LAPÈCH POU JÈN YO

POU LAJ 2YÈM–5YÈM ANE
3:30–5PM, WAGNER PARK
6 SEYANS, $90
OU DWE ENSKRI, PA GEN ANPIL PLAS.

Eksplore ekosistèm sipèb Rivyè Hudson nan kòm jèn pwotektè resous natirèl presye sa a. Pratike konpetans ki nesesè yo pou sèvi ak kanapèch epi viv eksitasyon lapèch pran-lage. Idantifye pwason natif-natal ou an pou voye done bay gwoup rechèch pou ede kontwole sante dlo lokal nou yo. Ap gen tès dlo ak lòt pwojè enteresan nan etid la tou. Pwogram nan p ap fèt 30 me. Enskripsyon obligatwa, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov

CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

KLÈB JADINAJ POU TIMOUN NAN
POU LAJ 6-10 AN.

3:15–4:45PM, ROCKEFELLER PARK
PWOGRAM NAN GRATIS: OU DWE ENSKRI,
PA GEN ANPIL PLAS.

Dekouvri plezi ak rekonpans ki genyen nan okipe jaden. Plante plant ànyèl ak vivas natif-natal yo, epi patisipe nan awozaj, konpostaj, ak lòt pratik jadinaj ekolojik. Aprann kijan jaden rezistan nou an pote manje pou ensèk ak zwazo k ap fè polinizasyon. Ap gen etid enteresan sou lanati ak pwojè atistik nan pwogram nan. Pou timoun ki renmen lanati ak lè yo sal kò yo!
Enskripsyon obligatwa, tanpri voye imèl pou: registration@bpca.ny.gov

CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

FOUTBÒL (SOCCER) POU TIMOUN
POU LAJ 3-5 AN: 3–3:30PM
POU LAJ 6-10 AN: 3:45-4:30PM

ROCKEFELLER PARK

Kòmanse apremidi ou avèk foutbòl (soccer)! Pratike fonnman drible, fè pas, choute, ak estrateji match gras a egzèsis enteresan k ap fè ou fè efò ak egzèsis pou tout nivo. Fè nouvo zanmi pandan w ap patisipe nan seyans pou devlope konpetans ou ki konsantre sou ekilib, kowòdonasyon, mouvman ak konsyans. Ou dwe mete soulye fèmen.



CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

ECHÈK

3:30–5PM, ROCKEFELLER PARK

Jwe jwèt estrateji popilè a antan w ap pran konsèy nan men yon espesyalis. Echèk amelyore konsantrasyon, rezolisyon pwoblèm ak planifikasyon estrateji – anplis de sa li enteresan! Pou laj omwen 5 an (granmoun te mèt patisipe tou).





CHAK MÈKREDI
04 ME - **26** OKT

MÈKREDI ATISTIK NAN TEARDROP

3:30–5PM, TEARDROP PARK

Eksplore anviwònman san parèy Teardrop Park pandan w ap kreye èv da dinamik. Pwofesè lèza yo ap dirije pwojè endividyèl ak an gwoup avèk ajil, kolaj, penti ak lòt bagay toujou. Avèk kòm sijè Inisyativ Zero Dechè (Zero Waste Initiative) nou an, pwojè ki konsantre sou materyo ki resikle, transfòme, ak resèvi pral enspire atis yo pou yo okipe mond nou an nan fason kreyatif! Y ap bay materyo atistik yo. Mete rad ki ka vin sal! Pou laj omwen 5 an.

CHAK JEDI
05 ME - **27** OKT

JEDI ATISTIK NAN ROCKEFELLER

3:30–5PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Kite atis ki kache andedan w lan briye! Vin jwenn lòt timoun ki gen laj pou ale lekòl pou travay atistik bò Park House la. Pwofesè lèza yo ap mennen pwojè endividyèl ak an gwoup avèk ajil, kolaj, penti ak lòt bagay toujou. Avèk kòm sijè Inisyativ Zero Dechè (Zero Waste Initiative) nou an, pwojè ki konsantre sou materyo ki resikle, transfòme, ak resèvi pral enspire atis yo pou yo okipe mond nou an nan fason kreyatif! Y ap bay materyo atistik yo. Mete rad ki ka vin sal! Pou laj omwen 5 an.



CHAK LENDI
02 ME - **31** OKT

TIRE KONT NAN PARK HOUSE

10:30-11:15AM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Timoun yo aprann reflechi dapre sa ki pase nan istwa yo. Vin jwenn nou antan n ap eksplore èv literè ilistre ekselan pou timoun k ap rasanble nou isit ak kounye a. Ap gen chante ak danse! Pwogram nan p ap fèt 30 me, 20 jen, 4 jiyè, 5 septanm, 10 oktòb.

CHAK MADI
03 ME - **25** OKT

JADINAJ POU TIMOUN

2:30–3PM, ROCKEFELLER PARK

Yon trè bèl chans pou ti jadinye yo ak granmoun ki akonpaye yo wè mond lan menm jan ak ensèk! Vin jwenn nou antan n ap li istwa sou lavi ki genyen nan jaden nou yo epi apre sa ale nan Jaden Timoun nan pou wouze, fouye, ak admire plant ak flè ki antoure nou yo! Ansanm, n ap obsève sezon k ap chanje yo epi aprann sou polinizatè yo ak lòt ensèk ki ede plant nou yo grandi an sante. Jadinaj se yon entwodiksyon ekselan pou montre nou kijan pou nou okipe anviwònman an.

CHAK MÈKREDI
04 ME - **08** JEN

KINDIE ROCK

10:30-11:15AM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Lis fantastik atis k ap li istwa ak chante nou yo ap dirije istwa ak seyans chante anfòm!

CHAK JEDI
05 ME - **27** OKT

LÈZA POU JADENDANFAN

10:30AM–12PM, ROCKEFELLER PARK HOUSE

Atis trè jèn yo ap fè konesans ap papye, ajil, penti ak materyo resiklab toulejou, epi transfòme yo an chedèv kreyativite ak plezi. Gen yon pwofesè lèza k ap prezante pwojè ki apwopriye pou laj yo. Y ap ba materyo yo. Mete rad ki ka vin sal!



6 RIVER TERRACE



6 River Terrace se espas kominotè fleksib nou an, ki disponib pou lwe pou fèt, reyinyon, aktivite kominotè, reyinyon familyal ak pou fèt yo, reyinyon dafè, ak lòt bagay toujou! Espas 2000 pye kare ki aksesib ak chèz woulan an gen yon antre nan nivo lari an ak plis pase 350 pye kare fenèt ki pote limyè natirèl ak vi sou pak la ak Rivyè Hudson nan.

Pri yo kòmanse a $600 pou yon aktivite dezèdtan, avèk inèdtan anvan ak apre pou enstale ak netwaye.

Ou dwe siyen yon kontra lokasyon. Nou dwe resevwa demann pou lwe yo omwen yon mwa alavans dat ou bezwen lokal la.

Pou vizit lokal la, rezèvasyon, ak pou plis enfòmasyon tanpri rele:
212- 267-9700 eks. 9363 oswa voye yon imèl pou: 6riverterrace@bpca.ny.gov





TEREN BOUL BPC YO

01 ME - **31** OUT

LENDI – VANDREDI, 8AM-9PM

SAMDI AK DIMANCH, 9AM-9PM

Yo chita nan West Street nan mitan Murray Street ak Warren Street. Yo ouvè pandan tout ane a pou espò an gwoup. Pou mande yon pèmi pou Teren Boul yo, tanpri ale sou: www.bpca.ny.gov/apply/permits



SANT KOMINOTÈ NAN STUYVESANT HIGH SCHOOL

01 ME - **30** JEN

LENDI – VANDREDI, 7–10PM

SAMDI AK DIMANCH, 1–9PM

01 JIYÈ **- 31** OUT

LENDI – VANDREDI, 3–9PM

SAMDI AK DIMANCH, 10AM–6PM

Sant Kominotè a se yon resous bon mache ak fasil pou aktivite rekreyatif, espò, natasyon, ak egzèsis fizik.

ABÒNMAN ÀNYÈL

GRANMOUN (18+)	$199
REZIDAN BATTERY PARK CITY	$179
TIMOUN, GRANMOUN AJE (62+), MILITÈ	$79
TIMOUN, GRANMOUN AJE, AK MILITÈ KI REZIDAN NAN BATTERY PARK CITY	$59

PAS POU YON JOUNEN

GRANMOUN	$15
TIMOUN, GRANMOUN AJE, MILITÈ AK REZIDAN BATTERY PARK CITY	$10

Pou plis enfòmasyon,
ale nan Sant Kominotè a nan
345 Chambers Street, New York, NY 10282
www.bpca.ny.gov oswa voye yon imèl pou:
communitycenter@bpca.ny.gov



KAY JEWOGRAFIK BATTERY PARK CITY





Klèb Jadinaj, Jaden pou Timoun nan, Rockefeller Park



Foutbòl (Soccer) pou Timoun, Rockefeller Park



Mèkredi nan Teardrop, Teardrop Park



Enstriman a Kòd sou Hudson, Belvedere Plaza



Bal Kominotè, Esplande Plaza



Rivyè ak Blues, Robert F. Wagner Jr. Park



Battery Park City Authority

75 Battery Place
New York, NY 10280
212-267-9700
www.bpca.ny.gov
facebook.com/batteryparkcityparks
twitter.com/bpca_ny
instagram.com/bpcparks

Enprime sou papye san klò 100% resikle avèk lank soja ak vejetal